Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE EKONOMI KONTRIBYAB YO NAN PWOGRAM SOULAJMAN TAKS SOU PWOPRIYETE

Nan Rejyon Finger Lakes: Plis pase 109,000 Pwopriyetè kay pral resevwa yon mwayèn $771 nan soulajman dirèk taks chak ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te prezante ekonomi yo te pwojte pou kontribyab New York yo nan kad pwogram soulajman taks sou pwopriyete, sa ki bay 1.3 milyon pwopriyetè kay soulajman finansye enpòtan. Pwogram $1.66 milya dola, sa ki gen ladan yon kredi pou lokatè, fè pati nan Ajanda Opòtinite 2015 Gouvènè a.

"Nou dwe asire opòtinite ekonomik nan New York – e sa vle di mete plis lajan nan pòch pwopriyetè kay kap travay di yo ki te gen difikilte anba fado taks sou pwopriyete pandan twò lontan," te deklare Gouvènè Andrew Cuomo. "Pandan kat dènye ane ki sot pase yo, nou te plafonnen taks sou pwopriyete, e apresa nou te bloke yo. Kounye a nou pral koupe yo. Pwogram sa a adrese youn nan defi ki pi enpòtan nap fè fas kòm yon eta – fè New York vin pi bon mache – nan bay soulajman taks ki gen plis sans, enpòtan ki pral fè yon diferans nan lavi moun yo."

Lè pwogram nan fin byen enplemante, 109,656 pwoprietè kay nan rejyon Finger Lakes pral resevwa yon ekonomi mwayèn anyèl de $771.

Tablo anba detaye soulajman taks la pa konte sa ki montre kantite lajan pwopriyetè kay yo espere benefisye, ansanm avèk valè total soulajman taks la ak mwayèn kredi a.

	Pwopriyetè Kay		
	Total Benefisyè	**Mwayèn Kredi**	**Soulajman nan Taks**
Genesee	4,989	$659	$3,300,000

Livingston	4,970	$747	$3,700,000
Monroe	71,972	$790	$56,800,000
Ontario	8,888	$788	$7,000,000
Orleans	3,176	$672	$2,100,000
Seneca	2,142	$746	$1,600,000
Wayne	8,500	$758	$6,400,000
Wyoming	2,934	$653	$1,900,000
Yates	2,086	$770	$1,600,000
Finger Lakes	**109,656**	**$771**	**$84,500,000**

Wap jwenn yon repatisyon de 1.3 milyon pwopriyetè kay konte pa konte nan tout eta la. Wap jwenn plis detay sou pwogram nan la.

Kimoun ki Kalifye?

Soulajman taks sou pwopriyete a disponib pou pwopriyetè kay yo ki gen revni anba $250,000 kote taks sou pwopriyete yo depase 6 pousan nan revni yo. Kredi a evalye jiska 50 pousan nan kantite lajan kote taks sou pwopriyete a depase 6 pousan chaj la, selon revni kay la. Kantite lajan espesifik kredi a nan 50 pousan sa detèmine sou yon echèl revni pwogresif, konsa Nouyòkè ki gen pi gwo presyon taks ak pi ba nivo revni pral benefisye pi gwo soulajman.

Kijan Soulajman Taks sou Pwopriyete a travay pou Nouyòkè yo?

Plafon tax sou pwopriyete nan tout eta nan 2011 lan te kontribiye anpil nan diminye presyon fiskal la pou pwopriyetè kay yo atravè eta a. Pandan twa premye lane plafon an, kontribiyab kap peye taks sou pwopriyete mwayen an pral epaye plis pase $800 konpare ak si taks la te kontinye ogmante nan to kwasans mwayen anvan. Ekonomi sa yo pral rive $2,100 nan taks sou pwopriyete lokal disi lane 2017 si tandans sa kontinye.

Blokaj taks sou pwopriyete a, ki te pibliye ane pase a, pote soulajman dirèk pou pwopriyetè kay New York yo. Sou twa lane, pwogram lan pral pote plis pase $1.5 milya nan soulajman taks sou pwopriyete dirèk, epi Nouyòkè mwayen an pral resevwa apeprè $656. Blokaj la rezoud tou youn nan prensipal detèminan taks sou pwopriyete men wotè Eta a atravè ankourajman pou gouvenman lokal ak distri lekòl chèche efikasite epi pataj sèvis.

Nouvo kredi taks sou pwopriyete a ranfòse barèm taks sou pwopriyete andeyò Vil New York, se sèl taks yon jiridiksyon ki respekte plafon taks prelve kap rantre nan kalkil kredi a. Yo pral enplemante tout aspè yo nan pwogram lan sou yon peryòd katran, e se sèlman taks sou lekòl ki pral aplike nan premye ane a. Plis pase mwatye nan benefis konplè a pral enplemante nan ane fiskal 2016, e 81 pousan pral enplemante nan ane fiskal 2017.

Gouvènè a mande Nouyòkè yo pou yo patisipe epi ede fè Ajanda Opòtinite li a, sa ki gen ladan Pwopozisyon Soulajman Taks sou Pwopriyete, yon reyalite lè yo vizite www.NYGetInvolved.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418